

Fèmte Pon Glenbridge Avenue: **APLIKAB: 30 Septanm a 9:00pm**

Pon Glenbridge Avenue an pral fèmten apati Vandredi 30 Septanm a 9:00pm, epi li pral tounen louvri ankò nan jou Vandredi 7 Oktòb la a 9:00pm. Paran ki genyen elèv nan lekòl sa yo ki swiv la a ta dwe swiv pano devyasyon yo lè y ap mennen timoun yo lekòl ak lè yo sot chèche yo:

- DelSesto Middle School
- Anthony Carnevale Elementary School
- Frank D. Spaziano Elementary School
- George J. West Elementary School
- Mount Pleasant High School
- Pleasant View Elementary School

Kat ki anba a bay yon reprezantasyon detaye sou kikote yo otorize pou pase pandan konstriksyon an. Pandan tout semèn femte Glenbridge Avenue an, RIDOT pral etabli devyasyon pandan l ap itilize Hartford Avenue, Killingly Street, Greenville Avenue, ak Manton Avenue. Kat ki montre wout sa yo ak wout devyasyon pou fèmte Wout 6 la disponib nan www.ridot.net/DetourMaps.

Pyeton yo pral anmezi pou travèse sou Wout 6 la nan Vandredi 30 Septanm nan jiska Madi 4 Oktòb la. Aprè Madi p ap genyen okenn aksè pou pyeton jiskaske yo enstale nouvo pon an. Lekòl Piblik Providence yo ak Depatman Transpò Rhode Island nan remèsye w alavans pou kowoperasyon w pandan moman sa a.

